

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah nu digunakeun pikeun nyangking hiji data anu miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu (Sugiyono, 2014, kc 3). Hartina métode téh mangrupa cara anu dilakukeun pikeun nyangking informasi anu akurat tina hiji hal, anu can kungsi ditalungtik saméméhna, tur miboga mangpaat pikeun saha waé nu maca hasilna.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode deskriptif. Métode déskriptif nyaéta salah sahiji métode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun atawa medar ngeunaan *peristiwa* atawa kajadian nu aya dina mangsa kiwari. Hasil jeung kacindekan tina panalungtikan nu ngagunakeun ieu métode umumna ngan ngadéskripsikeun konsép jeung variabel nu ditalungtik, ngadéskripsikeun bébédaan konsép jeung variabel, jeung matalikeun hiji variabel jeung nu séjénna (Sudjana, 2015: 52-53).

Dina ieu panalungtikan métode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kamekaran, udagan, unsur-unsur, prak-prakan, unsur sémiotik anu nyangkaruk dina tradisi *babanyo* sarta larapan hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA Kelas XII . Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, ngawengku desain, partisipan jeung tempat, instrumén jeung téhnik ngumpulkeun data, sarta analisis data anu patali jeung ieu panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan nu digunakeun ieu panalungtikan nyoko kana galur saperti di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Partisipan jeung Tempat Panalungtikan

Patisipan atawa sumber data nyaéta subjék data anu ditalungtik. Sumber data diklasifikasikeun jadi tilu tingkatan nyaéta, 1) *person* atawa jalma nyaéta sumber data anu bisa méré data dina wangun jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis dina wangun angkét; 2) *place* atawa tempat nyaéta sumber data anu méré gambaran kaayaan cicing jeung gerak. Conto anu cicing nyaéta rohangan, pakakas, warna, jsb., sedengkeun anu gerak contona aktivitas, gerak tari, jsb.; 3) *paper* atawa simbol nyaéta sumber data anu midangkeun tanda-tanda dina wangun huruf, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjénna (Arikunto, 2014, kc. 172).

3.2.1 Partisipan

Sumber data anu méré data ngaliwatan wawancara dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Data ti indung beurang, pikeun nyangking data ngeunaan tradisi *babanyo* katut sagala hal anu patali jeung ieu tradisi.
- 2) Data ti ibu-ibu anu apal jeung kungsi ngalaksanakeun tradisi *babanyo*.

3.2.2 Tempat Panalungtikan

Gambar 3.1
Peta Lokasi Panalungtikan



Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan tradisi *babanyo* nyaéta di Kacamatan Cihampelas. Dina prak-prakanana, panalungtik nyokot sémpe di Désa Pataruman jeung Désa Cipatik.

Luyu jeung hasil Rapat Paripurna DPRD Kabupatén Bandung tanggal 2 Oktober 2003, Kacamatan Cihampelas mangrupa daérah pamekaran ti Kacamatan Cililin. Sacara géografis Kacamatan Cihampelas aya di wilayah pakidulan (selatan) Kabupatén Bandung Barat. Jarak Kacamatan Cihampelas ka Ibu Kota Kabupatén Bandung Barat kurang leuwih 11 km, lega wilayah 3.762,84 ha, sarta jumlah pendudukna 111.210 urang.

Sacara administratif wilayah Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat kabagi jadi 10 désa, nyaéta Désa Pataruman, Cipatik, Situwangi, Citapen, Tanjungwangi, Singajaya, Cihampelas, Mekarmukti, Mekarjaya, jeung Tanjungjaya. Sedengkeun wates wilayah Kacamaatan Cihampelas nyaéta: belah kalér Kacamatan Batujajar, belah kidul jeung belah kulon Kacamatan Cililin, sarrrta belah wétan Kacamatan Kutawaringin Kabupatén Bandung.

3.3 Instrumén jeung Téhnik Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta kuisisionér informan, pedoman wawancara, kaméra, *handphone*, jeung alat tulis.

1) Kuisisionér Informan

Kuisisionér nyaéta sajumlahing patalékan dina wangun tulisan anu digunakeun pikeun nyangking informasi ti informan dina harti laporan ngeunaan dirina atawa hal-hal nu dipikanyahona (Arikunto, 2014: 194). Dina ieu panalungtikan kuisisionér informan digunakeun pikeun nyangking biodata narasumber.

Tabel 3.1
Data Informan

No.	Foto/Wasta	Yuswa	Wanda Baga	Pakasaban	Atikan	Padumukan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
1.	 Rohaéti	70 taun	awéwé	indung beurang	SD	Kp. Cangkuang rt.01 rw.06 Désa Cipatik

2.	 Ratmanah	55 taun	awéwé	indung beurang	SD	Kp. Babakan rt.02 rw.09 Désa Pataruman
3.	 Asiyah	57 taun	awéwé	IRT	SD	Kp. Pasar rt.04 rw.09 Désa Pataruman

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
4.	 Nur Hayati	32 taun	awéwé	IRT	SMA	Kp. Pasar rt.05 rw.09 Désa Pataruman

2) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun cecekelan panalungtik dina ngalaksanakeun wawancara ka narasumber sangkan museur kana patalékan-patalékan anu penting sarta saluyu jeung data anu dibutuhkeun. Pedoman wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Tabel 3.2
Pedoman Wawancara

<i>Perihal</i>	Patalékan	Narasumber
(1)	(2)	(3)
sejarah	1. Ti iraha ayana tradisi <i>babanyo</i> ?	indung beurang
	2. Ti iraha terang aya babanyo?	ibu-ibu
	3. Taun sabaraha ibu ngalaksanakeun babanyo?	ibu-ibu
	4. Naon udagan dilaksanakeunana tradisi	indung beurang

Fachmi Fachrurrofi, 2018

TRADISI BABANYO DI KACAMATAN CIHAMPÉLAS

KABUPATÉN BANDUNG BARAT

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	<i>babanyo?</i>	
	5. Naon fungsi tradisi <i>babanyo</i> ?	indung beurang
	6. Kumaha kaayaan tradisi <i>babanyo</i> baheula?	indung beurang
	7. Kumaha kaayaan tradisi <i>babanyo</i> kiwari?	indung beurang
palaku	8. Saha waé palaku dina tradisi <i>babanyo</i> ?	indung beurang
	9. Sarat jadi pamingpin dina tradisi <i>babanyo</i> ?	indung beurang
waktu jeung tempat	10. Iraha dilaksanakeunana?	indung beurang
	11. Dimana dilaksanakeunana?	indung beurang
prak-prakan	12. Kumaha runtuyan prak-prakan tradisi <i>babanyo</i> ?	indung beurang
	13. Kumaha prak-prakan tradisi <i>babanyo</i> anu kungsi dilaksanakeun?	ibu-ibu
	14. Naon du'a atawa mantra dina tradisi <i>babanyo</i> ?	indung beurang
pakakas jeung kadaharan	15. Pakakas naon anu digunakeun dina ieu tradisi <i>babanyo</i> ?	indung beurang
	16. Kadaharan naon waé nu kudu disadiakeun dina tradisi <i>babanyo</i> ?	indung beurang
	17. Naon fungsi pakakas jeung kadaharan nu digunakeun dina ngalaksanakeun <i>babanyo</i>	indung beurang
	18. Naha uninga kana fungsi tina pakakas jeung kadaharan nu digunakeun dina tradisi <i>babanyo</i> ?	ibu-ibu
unsur sémiotik	19. Naon ma'na tina pasaratan nu aya dina tradisi <i>babanyo</i> ?	indung beurang
	20. Naha uninga kana ma'na tina sagala rupa hal anu aya dina <i>babanyo</i> ?	ibu-ibu

3) Kaméra

Kaméra nyaéta salah sahiji pakakas anu fungsina pikeun ngadokuméntasikeun rupa-rupa data-data anu patali jeung panalungtikan boh dina wangun *visual* (foto) boh dina wangun *audio-visual* (*video*). Dina ieu panalungtikan, kaméra digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun prak-prakan tradisi *babanyo*.

4) Handphone

Handphone nyaéta salah sahiji pakakas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngarékam (sadap rékam) sora informan anu apal kana tradisi *babanyo* jeung moto prak-prakan ogé unsur sémiotik nu nyangkaruk dina tradisi *babanyo*.

5) Alat Tulis

Sedengkeun alat tulis digunakeun pikeun nyatet hal-hal anu dianggap penting, sabab bisi hasil rékaman sora narasumber aya nu teu jelas.

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik observasi, wawancara jeung dokuméntasi.

1) Téhnik Observasi

Tehnik observasi digunakeun pikeun ningali sacara langsung kaayaan lapangan sangkan panalungtik miboga gambaran nu leuwih lega ngeunaan tradisi *babanyo*.

2) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nyaéta kagiatan komunikasi anu dilakukeun ku dua pihak nyaéta pananya (salaku jalma anu méré patalékan ka narasumber) jeung narasumber (jalma anu diwawancara, anu diwawancara dina ieu panalungtikan nyaéta indung beurang salaku palaku aktip tradisi *babanyo*, sarta ibu-ibu anu kungsi ngalaksanakeun tradisi *babanyo*).

3) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun nyatet kajadian nu geus lumangsung, boh dina wangun tulisan, gambar/ foto, atawa *video*, upamana ngadokuméntasikeun prak-prakan tradisi *babanyo*, motrét sumber data, jeung ngarékam prosés wawancara jeung narasumber.

3.4 Analisis Data

Sanggeus data kakumpulkeun, satuluyna éta data-data téh diolah ku cara:

- 1) Ngawilah-wilah antara data nu luyu jeung nu teu luyu.
- 2) Ngadéskripsikeun hal-hal anu saluyu jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan.
- 3) Nganalisis unsur-unsur sémiotik anu nyangkaruk dina tradisi *babanyo* dumasar kana tiori Charles Sanders Peirce, nyaéta ikon, indéks, jeung simbol.
- 4) Nyusun alternatif bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII anu luyu jeung KIKD pangajaran basa jeung sastra Sunda.